


## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan dijieun mangrupa rarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab (Arikunto, 2010:175).

Desain ieu panalungtikan bisa kagambar dina ieu bagan.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

Tina desain di luhur, dina prosés panalungtikanna tangtu ngagunakeun cara atawa métode anu dilakonon sangkan meunangkeun udagan anu bener luyu jeung nu dipikahontal. Arikunto (1996:150) nétélakeun yén métode panalungtikannya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu rék dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitis kualitatif.

Métode déskriptif-analitis kualitatif dipaké pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, sarta mahanam fénoména nu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna sipat, sikep, ajén-inajén, jsb. Dina prak-prakanna, panalungtik kudu nilik hiji permasalahan kalawan gemet sangkan hasil dina éta panalungtikan bisa leuwih maseuk kana tujuan jeung watesan panalungtikan. Ku sabab kitu, perlu ayana pangaweruh ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan kualitatif pikeun ngarojong panalungtikan sangkan hasilna bisa leuwih maksimal (Ratna, 2011: 34).

Kitu deui dina dunya sastra. Sastra miboga sipat anu has, boh dina diksi boh dina eusi saperti dina guguritan. Éta hal méré indikasi yén kudu aya metode anu leuwih jero pikeun méré pedaranana, ku kituna métode kajian anu luyu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode kajian hermeneutik.

Sacara étimologis istilah “hermeneutik” asalna tina basa Yunani *hermeneuein* anu hartina ‘nafsirkeun’. Kecap barangna *hermeneia* sacara harfiah dihartikeun ‘tapsiran’ atawa interprétasi. Nurutkeun Ricoeur (2012: 61) hermeneutik mangrupa interprétasi anu oriéntasina nya éta téks. Tapi lain hartina téks sacara fisik hungkul tapi sacara batin atawa ma’na. Saperti anu ditétélakeun ku Ratna (2011: 46) yén tujuan métode hermeneutik lain néangan ma’na anu bener, tapi ma’na anu optimal.

Hermeneutik miboga tilu wangun ma’na dina interprétasi, anu ngawengku (1) *to express*, ngébréhkeun kecap; (2) *to explain* pikeun ngajelaskeun hiji situasi; jeung (3) *to translate*, narjamahkeun. Tilu fungsi di luhur bisa diwakilan ku kecap *to interpret* atawa ngainterprétasikeun. Interpretasi sastra nyoko kana tilu pasualan anu béda, nya éta omongan lisan, pedaran anu asup akal, jeung transliterasi tina basa séjén (Palmer, 2005: 15).

Interprétasi nya éta ngajelaskeun ma’na anu samar jadi ma’na anu jelas tur babari dipikaharti. Tugas jalma anu ngalakukeun interprétasi nya éta pikeun ngécéskeun pasualan ku cara nalungtik sakabéh prosés interprétasi sacara detail. Lian ti éta jalma anu ngainterprétasi kudu mikanyaho pesen atawa amanat hiji téks, tuluy neuleuman eusi téks anu antukna bisa jadi urang salaku panafsir éta téks. Ku kituna pikeun neuleuman harti nu jero, panafsir kudu miboga pangaweruh anu jembar boh anu patali jeung karya sastra boh di luar karya sastra.

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data jadi objék ieu panalungtikan nya éta mangrupa runtuyan kecap anu nyampak dina wangun puisi (guguritan). Luyu jeung Moleong (2007: 157) anu nétélakeun yén sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kumpulan kecap jeung tindakan. Dina ieu panalungtikan objék anu ditalungtik mangrupa tilu buku guguritan karya HHM anu geus dipublikasikeun. Éta buku mangrupa hasil transliterasi Prof. Iskandarwassid, M.Pd. (*Asmarandana nu Kami*), anu diédit sarta diropéa ku Ajip Rosidi. Idéntitas éta tilu buku guguritan téh nya éta:

judul	: <i>Asmarandana nu Kami</i>
pangarang	: Haji Hasan Mustapa
wedalan	: PT. Kiblat Buku Utama
citakan	: I. Bandung, Dzulhijjah 1430 H/ Desember 2009
kandel	: 100 kaca
ukuran buku	: 20,5 × 28 cm
jumlah pada	: 261 pada

Ieu buku diterbitkeun bareng jeung opat buku guguritan karya HHM anu séjénna, saperti *Kinanti Kulu-kulu*, *Dangdanggula Sirna Rasa*, *Sinom Wawarian*, jeung *Sinom Barangtaning Rasa*. Guguritan AnK mangrupa naskah koléksi Universiteit Bibliotheek Leiden, kalawan kode Cod. Or. 7882, anu saterusna ditranskripsi ku Iskandarwassid. Salian ti diterbitkeun ku Kiblat, ieu guguritan ogé pernah dimuat dina sawatara buku, di antarana:

- a. *Naskah Karya Haji Hasan Mustapa*. Panyusun: Iskandarwassid, Ajip Rosidi, jeung H. Josef CD. Proyék Sundanologi. Bandung: 1987. Jumlah pada guguritan AnK: 261 pada.
- b. *Dangding* atawa *Dangdingan* Jilid IV. Judul: “Asmarandana Maribaya”. Jumlah pada: 260 pada. Panyusun: Asikin. Pamedal jeung taun medal teu kapaluruh.

Garapanana museur kana ngungkabkeun eusi jeung konsép sarta ajén-ajén nu aya dina éta guguritan. Patali jeung éta hal sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan kecap nu mangrupa rumpaka tina guguritan *Asmarandana nu Kami*, karya HHM.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta cara atawa alat nu digunakeun ku nu nalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep jeung sistematis sangkan datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 1996:136).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngan hiji nya éta kartu data. Éta kartu data dipaké pikeun nganalisis eusi tina téks tilu buku guguritan karya HHM.

Kartu data 1
Cutatan data (kodifikasi → ngaran buku/kaca/pada)
Téks:
Struktur:

Kartu data 2
Cutatan data (kodifikasi → ngaran buku/kaca/pada)
Téks:
Ajén étnopédagogik:

Dina prosés panalungtikan, unggal pada dina guguritan AnK téh dibéré kode data analisis anu disimpen di handapeun pada. Format kode anu dipaké dina ieu panalungtikan aya dua rupa, nya éta: (1) Kode 1, keur nangtukeun kaca buku

jeung pada, jeung (2) Kode 2, keur nangtukeun kaca buku, pada, jeung padalisan. Wangun formatna saperti:

- (1) Kode 1: (ngaran guguritan/pangarang/kaca buku/pada), contona: (Gr.AnK/HHM/19/01), jeung
- (2) Kode 2: (ngaran guguritan/pangarang/kaca buku/pada/padalisan), contona: (Gr.AnK/HHM/19/01/05).

Éta kode téh ditulis sangkan nu maca babari dina maluruh sumber data anu dituduhkeun ku panalungtik dina prosés jeung pedaran panalungtikan.

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta talaah pustaka. Téhnik ulikan pustaka, mangrupa panalungtikan nu dilakukeun pikeun maluruh jeung nganalisis data nu sumberna ti pabukon. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber data jeung rujukan anu aya patalina jeung konsép, tioritis katut bahasan pasualan panalungtikan.

Dumasar téhnik di luhur, ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Nangtukeun buku téks guguritan karya HHM;
- b. Nyalin téks trilogi guguritan karya HHM kana kartu data 1 (struktur) jeung kartu data 2 (étopédagogik); jeung
- c. Méré kode kana téks guguritan, pada jeung padalisanana.

### 3.4 Analisis Data

Data nu geus kapanggih, saterusna diolah maké téhnik analisis unsur langsung jeung analisis hermeneutik. Analisis unsur langsung dipaké pikeun nganalisis struktur fisik trilogi guguritan karya HHM. Analisis hermeneutik dipaké pikeun nganalisis ajén étnopédagogik dina trilogi guguritan karya HHM. Dina ngolah data dilaksanakeun léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Nyieun papasingan kartu data 1 jeung kartu data 2 dumasar judul buku guguritan karya HHM;

- b. Nganalisis struktur fisik guguritan karya HHM anu ngawengku (1) guru gatra, guru wilangan, jeung guru lagu (2) diksi, (3) imaji (implengan), jeung (4) basa figuratif (gaya basa);
- c. Nganalisis eusi jeung ajén étnopédagogik trilogi guguritan karya HHM (kalawan métode hermeneutik) anu ngawengku (1) Prilaku Nyunda Trisilas, (2) Catur Jatidiri Insan, (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya), jeung (4) Moral Kamanusan;
- d. Nyusun kacindekan jeung saran kana hasil panalungtikan.